**दिन—मंगलवार** **दिनांक—26.11.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

आइ संविधान दिवस मनाओल जा रहल अछि। आजुक दिन वर्ष उनैस सय उनचास मे संविधान के अंगीकार कयल गेल छल आओर ई छब्बीस जनवरी उनैस सय पचास कऽ लागू भेल छल। सरकार एहि मौका पर आइ सँ एक बरख धरि चलयबाला समारोह शुरू कयलक अछि। ई समारोह छब्बीस नवंबर दू हजार पच्चीस धरि देशभरि मे मनाओल जायत। एहि मौका पर दिल्ली मे संविधान सदनक केन्द्रीय कक्ष मे एक भव्य समारोहक आयोजन कयल गेल, जतय राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू संसदक दूनू सदनक संयुक्त बैसक के संबोधित कयलिह। एहि अवसर पर उप—राष्ट्रपति जगदीप धनखड़, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, लोकसभा अध्यक्ष ओम बिड़ला आओर दिल्लीक दूतावासक प्रमुख सभ सेहो छलाह। राष्ट्रपति संविधान दिवस पर एक स्मारक सिक्का, डाक टिकट आओर दू पुस्तक सेहो जारी कयलनि। एहि अवसर पर संविधानक संस्कृत आओर मैथिली भाषा मे सेहो संस्करण जारी कयल गेल।

---

एम्हर, प्रदेश मे सेहो संविधान दिवस पर कतेको कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल आओर लोकसभ संविधान दिवसक प्रस्तावनाक पाठ कऽ शपथ लेलनि। भाजपा दिस सँ मुख्य समारोह पार्टी मुख्यालय मे मनाओल गेल। एहि मौका पर कार्यक्रमक अध्यक्षता प्रदेश अध्यक्ष डॉक्टर दिलीप जायसवाल कयलनि। एहि सँ पहिने पार्टीक नेता सभ पटना हाई कोर्ट लऽगक बाबा साहेब भीमराव अंबेदकरक प्रतिमा पर माल्यार्पण कयलनि।

---

आकाशवाणी पटनाक समाचार एकांशक सभ अधिकारी, कर्मचारी आओर आनो—आन कर्मी सभ भारतीय संविधानक प्रस्तावनाक शपथ लेलनि। संगहि, केन्द्रीय संचार ब्यूरो द्वारा राज्य मे कतेको ठाम संविधान दिवस मनाओल गेल।

---

एम्हर, राष्ट्रीय संविधान दिवसक मौका पर मधुबनी मे भारतीय जनता पार्टी जिला कार्यालयक सभागार मे जिलाध्यक्ष शंकर झाक अध्यक्षता मे एक गोष्ठिक आयोजन कयल गेल। एहि मे जिलाध्यक्षक संग–संग कतेको गणमान्य लोकसभ छलाह।

————————————————————————

बिहार विधानसभा मे आरक्षणक मुद्दा के लऽकऽ आइ खूब जमि कऽ हल्ला–गुल्ला भेल। एहि बीच सत्ता पक्ष आओर विपक्षक बीच नोक–झोक सेहो भेल। नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव सदन मे अनुसूचित जाति, अनुसूचित जनजाति आओर पिछड़ा वर्ग के देल गेल आरक्षण के लऽकऽ सरकार सँ सवाल पुछलनि। हुनक कहब छल जे जातिय आधारित सर्वेक आधार पर पैंसठि प्रतिशत आरक्षणक प्रावधान कयल गेल छल। एहि के पटना उच्च न्यायालय रद्द कऽ देलक अछि। श्री यादव विधानसभा अध्यक्ष सँ ई मुद्दा पर सदनक समिति बनेबाक आग्रह कयलनि। जाहि सँ परीक्षार्थी सभ के आरक्षणक लाभ भेट सकय। ओ जनौलनि जे कानून के रद्द भेला सँ पैंसठि प्रतिशत आरक्षणक लाभ सामाजिक वर्ग के नहि भेट रहल अछि। नेता प्रतिपक्ष नव कानून बनायब आओर ओहि के सदनक स्वीकृति देबाक लेल सरकार सँ विधेयक लयबाक लेल सेहो जनौलनि। एहि पर संसदीय कार्यमंत्री विजय कुमार चौधरी जनौलनि जे जखने उच्चतम न्यायालय सँ मामिला निष्पादित होयत, सरकार एहि पर सोचत। ई मुद्दा के लऽकऽ नेता प्रतिपक्ष आओर उप–मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक बीच नोक–झोक सेहो भेल। एकर बाद आरक्षनक मुद्दा के लऽकऽ विपक्षी सभ सदनक कार्यवाहीक बहिष्कार कयलनि आओर शून्यकालक बीच बाहर आबि गेलाह। एहि सँ पहिने विपक्षक सदस्य सभ कार्यवाही शुरू भेला सँ पहिने ई मुद्दा के लऽकऽ विरोध प्रदर्शन कयलनि।

————————————————————————

राष्ट्रीय जनता दलक नेतृत्व मे विपक्षक सदस्य सभ बिजलीक स्मार्ट प्री–पेड मीटरक विरोध मे विधान परिषदक बाहर नारा लगबैत प्रदर्शन कयलनि। एहि बीच नेता प्रतिपक्ष राबड़ी देवी जनौलनि जे स्मार्ट प्री–पेड मीटर जन विरोधी अछि। सरकार के एहि के वापिस लेबाक चाही।

————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ नशा मुक्ति दिवसक मौका पर लोकसभ सँ नशा सँ मुक्तिक प्रण लेबाक लेल जनौलनि अछि। मुख्यमंत्री सोशल मीडिया प्लेटफॉर्म एक्स पर जनतब देलनि अछि जे आइ नशा मुक्ति दिवस पर सभ प्रकारक नशा सँ मुक्तिक प्रण लेबाक चाही आओर बिहार के स्वस्थ्य, समृद्ध आओर खुशहाल बनाओल जाय।

———————————————————————————————

भाजपाक नव निर्वाचित विधायक विशाल प्रशांत आइ शपथ ग्रहण कयलनि। विधानसभा अध्यक्ष नंदकिशोर यादव हुनका शपथ दियौलनि। श्री प्रशांत एखन भेल उप–चुनाव मे तरारी विधानसभा सँ निर्वाचित भेल छथि। ओ जदयूक पूर्व विधायक सुनील पांडेयक पुत्र छथि।

———————————————————————————————

श्वेत क्रांतिक जनक डॉक्टर वर्गीज कुरियनक जयंतीक मौका पर आइ राष्ट्रीय दुग्ध दिवस मनाओल गेल। पटना मे काम्फेड दिस सँ एहि अवसर पर कार्यक्रम आयोजन कऽकऽ डॉक्टर कुरियन के श्रद्धांजलि अर्पित कयल गेल।

———————————————————————————————

प्रदेश मे पैक्स चुनावक पहिल चरण मे डेढ़ हजार सँ बेसी प्राथमिक कृषि–शाख समिति मे अध्यक्ष सहित कतेको पद लेल आइ भोट खसाओल गेल। मतदान शांती सँ हेबाक संवाद अछि। सभ मतदान केन्द्र पर सुरक्षाक कड़गड़ व्यवस्था कयल गेल छल।

———————————————————————————————

समाप्त